# Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daawul bàyyi ñenti ràkka njëkk Tisbaar ak ñaari ràkka njëkk suba gi

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daawul bàyyi ñenti ràkka njëkk Tisbaar ak ñaari ràkka njëkk suba gi.
[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Aysatu yal na ko Yàlla dollee gërëm day xibaare ne Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daa saxoowoon julliy naafila ci këram te daawu ko bàyyi: ñenti ràkka ci ñaari sëlmël njëkk jullig Tisbaar, ak ñaari ràkka njëkk Fajar.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/11249

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee